

Dwa ak Pwoteksyon Ou Yo Kont Fakti Medikal Pa Sipriz

Lè w resevwa swen ijans oswa tretman nan men yon founisè ki pa nan rezo a nan yon lopital oswa yon sant chirijikal anbilatwa ki nan rezo a, ou gen pwoteksyon kont faktirasyon balans. Nan ka sa yo, yo pa dwe fè w peye plis pase kopeman, ko-asirans ak/oswa dediktib plan w lan.

Kisa “fakti balans” (pafwa yo rele “fakti pa sipriz”) la ye?

Lè ou konsilte yon doktè oswa yon lòt founisè swen sante, ou kapab dwe kèk frè k ap soti nan pòch ou, tankou yon kopeman, ko-asirans, oswa dediktib. Ou ka gen lòt frè oswa ou ka dwe peye tout fakti a si w konsilte yon founisè oswa vizite yon etablisman swen sante ki pa nan rezo plan sante w la.

“**Ki pa nan rezo a**” vle di founisè ak etablisman ki pa t siyen yon kontra ak plan sante w la pou bay sèvis. Founisè ki pa nan rezo a ka gen otorizasyon faktire w diferans ki genyen ant sa plan w lan peye a ak montan total yo faktire w pou yon sèvis. Yo rele sa “faktirasyon balans.” Montan sa a gen anpil chans pou kapab plis pase frè pou sèvis nan rezo a faktire pou menm sèvis la epi li ka pa konte nan dediktib plan w lan oswa nan limit anyèl frè k ap soti nan pòch ou.

“**Faktirasyon pa sipriz**” se yon fakti balans sanzatann. Sa ka rive lè w pa kapab kontwole ki moun ki patisipe nan swen w—tankou lè w gen yon ijans oswa lè w pran yon randevou pou yon vizit nan yon etablisman ki nan rezo a men sanzatann ou resevwa tretman nan men yon founisè ki pa nan rezo a. Fakti medikal pa sipriz ka koute plizyè milye dola selon pwosedi oswa sèvis la.

Ou pwoteje kont faktirasyon balans pou:

SÈVIS IJANS YO

Si w gen yon pwoblèm medikal ijans epi w resevwa sèvis ijans nan men yon founisè oswa yon etablisman ki pa nan rezo a, plis yo ka faktire w se montan pataj nan rezo plan w lan (tankou kopeman, ko-asirans, ak dediktib). Yo pa ka faktire w balans pou sèvis ijans sa yo. Sa gen ladann sèvis ou ka resevwa apre ou nan yon kondisyon estab, sof si ou bay konsantman alekri epi abandone pwoteksyon ou genyen pou yo pa faktire w pou sèvis apre estabilizasyon sa yo.

Dapre manda Andeyò Rezo Gouvènè Phil Murphy te siyen an 2018 la, Out-of- Network Consumer Protection Transparency, Cost Containment and Accountability Act, P.L. (Lwa sou Transparans Pwoteksyon Konsomatè Deyò Rezo, Metriz Frè ak Responsablite, P.L.). 2018) yo bay tout pasyan pwoteksyon konsènan fakti lopital pa sipriz yo nan eta New Jersey. Capital Health p ap faktire pasyan yo plis pase pri pataj pasyan yo ap peye nan rezo a pou sèvis ijans/sèvis sanzatann deyò rezo a.

SÈTEN SÈVIS NAN YON LOPITAL OSWA SANT CHIRIJIKAL ANBILATWA KI NAN

REZO

Lè w resevwa sèvis nan yon lopital oswa yon sant chirijikal anbilatwa ki nan rezo a, sèten founisè ki nan yo ka pa nan rezo a. Nan ka sa yo, pi plis founisè sa yo ka faktire w se montan pataj pri nan rezo plan w lan. Sa a aplike pou sèvis medikaman ijans, anestezi, patoloji, radyoloji, laboratwa, neyonatoloji, asistan chirijyen, ospitalis, oswa sèvis medsen swen entansif. Founisè sa yo pa ka faktire w pou balans lan epi yo pa ka mande w pou abandone pwoteksyon ou genyen pou yo pa faktire w pou balans lan.

Si w resevwa lòt kalite sèvis nan etablisman ki nan rezo sa yo, founisè ki pa nan rezo a pa kapab faktire w pou balans lan, sof si w bay konsantman alekri epi abandone pwoteksyon w yo.

Ou pa janm gen obligasyon pou abandone pwoteksyon ou genyen kont fakti balans. Epi ou pa gen obligasyon pou resevwa swen deyò rezo a. Ou ka chwazi yon founisè oswa yon etablisman nan rezo plan w lan.

Lè faktirasyon balans pa otorize, ou gen pwoteksyon sa yo tou:

Ou responsab sèlman pou peye pataj ou a nan pri a (tankou kopeman, ko-asirans, ak dediktib ou t ap peye si founisè a oswa etablisman an te nan rezo a). Plan sante w la ap peye founisè ak etablisman ki pa nan rezo a dirèkteman nenpòtfrè anplis.

An jeneral, plan sante w la dwe:

Kouvri sèvis ijans san li pa mande w jwenn apwobasyon pou sèvis alavans (yo rele l tou “otorizasyon alavans”).

Kouvri sèvis ijans founisè ki pa nan rezo a bay.

Selon sa ou dwe founisè a oswa etablisman an (pataj frè) sou sa li t ap peye yon founisè oswa etablisman ki nan rezo a epi montre montan sa a nan eksplikasyon avantaj ou yo.

Konte nenpòt montan ou peye pou sèvis ijans oswa sèvis andeyò rezo a nan limit dediktib ak montan k ap soti nan pòch ou menm jan ak nan rezo a.

Si w panse yo te mal faktire w, kontakte Sant Sèvis Medicare ak Medicaid la nan 1.800.985.3059. Vizite www.cms.gov/nosurprises/consumers pou plis enfòmasyon sou dwa w yo dapre lalwa federal la. Kontakte 1.800.792.9770 oswa vizite www.nj.gov/health/healthfacilities pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa w dapre lwa eta New Jersey a.

Ou gen dwa pou resevwa yon “Estimasyon Bòn Fwa”

Dapre lalwa, founisè swen sante yo dwe bay pasyan ki pa gen sèten kalite asirans swen sante oswa ki pap itilize sèten kalite asirans swen sante yon estimasyon sou fakti pou atik ak sèvis swen sante yo a anvan yo bay atik oswa sèvis sa yo.

- Ou gen dwa pou resevwa yon Estimasyon Bòn Fwa pou frè total yo prevwa pou nenpòt atik oswa sèvis swen sante, sou demann oswa lè w ap planifye atik oswa sèvis sa yo. Sa a gen ladan depans ki gen rapò tankou frè tès medikal, medikaman sou preskripsyon, ekipman, ak frè lopital.
- Si w pwograme yon atik oswa yon sèvis swen sante omwen 3 jou ouvrap alavans, asire w founisè oswa etablisman swen sante w la ba w yon Estimasyon Bòn Fwa alekri nan 1 jou ouvrap apre pwogramasyon an. Si w pwograme yon atik oswa sèvis swen sante omwen 10 jou ouvrap alavans, asire w ke founisè oswa etablisman swen sante w la ba w yon Estimasyon Bòn Fwa alekri nan 3 jou ouvrap apre pwogramasyon an. Ou ka mande tou nenpòt founisè oswa etablisman swen sante yon Estimasyon Bòn Fwa anvan ou pwograme yon atik oswa yon sèvis. Si w fè sa, asire w ke founisè oswa etablisman swen sante a ba w yon Estimasyon Bòn Fwa alekri nan 3 jou ouvrap apre ou mande l la.
- Si w resevwa yon fakti ki omwen \$400 anplis pou nenpòt founisè oswa etablisman pase Estimasyon Bòn Fwa ou an nan men founisè oswa etablisman sa a, ou ka konteste fakti a.

Pou kesyon oswa plis enfòmasyon sou dwa w genyen pou yon Estimasyon Bòn Fwa, vizite www.cms.gov/nosurprises/consumers, voye yon imel bay FederalPPDRQuestions@cms.hhs.gov, oswa rele 1-800-985-3059.